EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 5.685 www.in-academy.uz




# BIBLIOGRAFIYANÍ OQÍTÍWDA INNOVACIYALÍQ SABAQTÍŃ ÁHMIYETI

**Aytımova Dilbar Aymuratovna**
Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı
Nókis filialı “Mádeniyat hám kitapxana iskerligi”
kafedrası oqıtıwshısı
https://www.doi.org/10.5281/zenodo.10020566

## ARTICLE INFO

Received: 12th Oktober 2023
Accepted: 18th Oktober 2023
Online: 19th Oktober 2023

## KEY WORDS

*Bibliografiya, innovaciyalıq sabaq, teoriya, ámeliyat, tájriybe, oqıtıw processi.*

## ABSTRACT

*maqalada bibliografiya pánin oqıtıwda innovaciyalıq sabaq alıp barıwdıń pragmatik ózgeshelikleri haqqında sóz etiledi. Bibliografiyanı innovaciyalıq sabaq arqalı oqıtıwdan gózlengen tiykarǵı maqset hám onıń nátiyjeliligi boyınsha ilimiy analizler keltirip ótilgen.*

Búgingi kúnde Joqarı bilimlendiriwdiń tiykarǵı maqseti haqıyqıy mániste Jańa Ózbekstannıń sociallıq-ekonomikalıq hám mádeniy-aǵartıwshılıq processleriniń rawajlanıwın táminlew, jáhán jámiyetshiligi mámleketleri tálim sisteması qatarınan múnásip orın alıw jolındaǵı keń kólemli reformalardı ámelge asırıwdan ibarat.

Bul arqalı bilimlendiriw mákemeleriniń studentleri óz kásibiniń mamanı, kásiplik ilmiy tájriybelerdi joqarı dárejede iyeley alatuǵın, bay tájiriybe hám uqıpǵa iye kadrlar sıpatında jetilistiriw bilimlendiriw tarawınıń aktual' máselelerinen esaplanadi. Sonday eken, JOOda kadrlardı tayarlaw processinde dáwirdiń usı talabın esapqa alıw kerek. Óz náwbetinde professor-oqıtıwshılar studentlerdiń intellektuallıq potencialın asırıw, innovaciyalıq tálim texnologiyaları, oqıtıwdıń jańa innovaciyalıq usıllar, metod hám quralları menen sabaq ótiwi, kásiplik sapaların joqarı járejede qáliplestiriwi, innovaciyalıq sabaq barısı menen jaqınnan tanıstırıwı úlken áhmietke iye. Ásirese, bibliografiya sabaǵın úyretiwde teoriyalıq kónlikpeler, ámeliy shınıǵıwlar, tájiriybe almasıw sabaqları, ózbetinshe jumıslardı studentlerge ele de qolaylı hám túsinikli etip ótiw innovaciyalıq sabaq járdeminde alıp barılǵanı maqsetke muwapıq. Sebebi, bibliografiya sabaǵı qızıqlı hám quramalı. Bibliografiyanıń predmeti oqıwshılardı kitaptı biliw, onıń sırların túsiniw, informaciyanı tańlaw, onı kitap oqıwshılarına jetkerip beriw ilimi menen qurallandırıw. Bibliografiya milliy ideyanıń tiykarǵı túsinik hám principlerin úgit-násiyatlawda, Prezidentimiz shıǵarmalarınan, qarar hám pármanlarınan paydalanǵan halda oqıwshılarǵa ámeliyatta bibliografik túsindirme beriwdi, ádebiyatlardıń hár qıylı dizimlerin dúziwdi, kórsetkish hám bibliografik qollanbalardı dúziw metodikasın, kerekli maǵlıwmatlardı qay jerden, qaysı jol menen, qaysı qurallar járdeminde alıw kerekligin, kitapxanada kartotekalar dúziw, kitaptı ǵalabalastırıw metodikasın uyretedi. Bibliografiya isi bilimli, taqatlı, izertlewshi hám ziyrek adamnıń jumısı esaplanadı[1:5].

Bibliografiya pán jáne sociallıq baylanıstıń eń zárúrli strukturalıq bólimlerinen biri bolıp tabıladı. Kitaplardı qollanıw ózgesheligi boyınsha jaqsı biliw, túsiniw hám baylanıs

processleriniń natiyjeliligi kóp tárepten onıń rawajlanıw jaǵdayınıń dárejesine baylanıslı. Alımlardıń izertlewlerine bola, bibliografiya – bul jámiyettiń bibliografiyalıq resurslar kólemin turaqlı túrde asırıwǵa, olardıń sapasın jaqsılawǵa, bul resurslardan barǵan sayın kóbirek paydalanıwshılar ushın ashıq bolıwına hám bibliografiyaning barlıq múmkinshiliklerinen maksimal dárejede paydalanıwǵa umtılıwǵa háreketlendiriwshı ilimiy taraw[2:5]. Bibliografiya pánniń barlıq tarawlardı bibliografik derekler menen támiyinlewshi yamasa ámeliy iskerliktiń dástúriy hám eń rawajlanǵan tarawlarınan biri. Kitapxanaǵa da kerekli bolǵan informaciya páni hám ámeliyati [3:42]. Bibliografiyanıń izertlew funkciyasın aktuallastırıw haqqındaǵı prognozlar tómendegiler menen anıqlanadı:

- bibliografiya hár qanday quramalı social sistema hám ózi-ózin shólkemlestiredi;
- basqa tarmaqlar jetiskenliklerinen aktiv paydalanıw bibliografiyanıń múmkinshiliklerin keńeytiredi, sonday-aq bibliografik resurslarıdıń sapa ózgerislerine tásir qıladı [4:8].

Sonlıqtan da bunday ilimiy ózgesheliklerdi esapqa alǵan halda bibliografiyanı oqıtıwda innovaciyalıq sabaqlar alıp barıw júdá zárúrli bolǵan oqıtıw processi. Bibliografiya sabaǵında innovaciyalıq sabaqlar studentlerde ǵárezsiz hám de dóretiwshilik pikirlewdi tárbiyalaw menen bir qatarda, studenttiń óziniń sawatlılıq dárejesin tolıq kórsetiwge, tınbay ilim alıwǵa umtılıwına, jańadan-jańa bilimlerdi ózlestiriwine, innovaciyalıq bilim alıw mádeniyatınıń qáliplesiwine xızmet etetuǵın sistema bolıp xızmet etedi. Búgingi kúnde innovaciyalıq sabaqlar – zaman talabı bolıp tabıladı.

Bibliografiya pániniń házirgi rawajlanıw dárejesi jaqın waqıtqa shekem payda bolǵan hám waqtı-waqtı menen dodalanǵan, sheshim tapqan yamasa ulıwma sheshilmegen ilimiy hám ámeliy mashqalalardı kún tártibine qoyıw hám sheshiw imkaniyatın beredi. Sol sebepli bibliografiya pániniń wazıypalarınan biri bibliografik resurslardan paydalanıwdıń jańa múmkinshiliklerin ashıp beriw bolıp tabıladı. Paydalanıwshılar ushın qolaylı informaciya ortalıǵı bolǵan házirgi sharayatda, elektron maǵlıwmatlar bazaları, internet hám onıń qıdırıw sistemaları ámelde bolǵanda, paydalanıwshılardıń informaciya xızmetinde bibliograftıń roli sezilerli dárejede ózgerip baradı. Sonıń menen birge rawajlanadı hám professionallıq dárejesi artadı. Ne ushın bibliografiyanı innovaciyalıq sabaq sıpatında ótiw kerek degen pikirdi tómendegi tarawdıń keleshektegi prognozınan aq biliwge boladı. Bir tárepten, bibliografik wazıypalardıń bir bólegin qıdırıw sistemaları menen islew kónlikpelerine iye bolǵan paydalanıwshılarǵa tapsırıw múmkin bolsa, basqa tárepten, bibliografik ónimler hám xızmetlerdiń hár túrli usılların islep shıǵıw arqalı bibliograftıń qurallar arsenalı keńeyip baradı.

Bunnan tısqarı, elektron qıdırıw sistemaları tekstlerdiń tradiciyaǵa tán bolmaǵan bibliografik qıdırıw elementleri boyınsha maǵlıwmatlardı qıdırıw qábiletinde isleydi. Sonlıqtan da, bibliografiya pániniń jaqın keleshektegi wazıypalarınan biri informaciyanı tasıw usılların asırıw bolıp tabıladı. Biz bunı ápiwayı lekciya arqalı studentlerge tolıq jetkerip beriwimiz qıyın boladı. Bunday ózgerisler bibliografiya tarawında derlik hár kúni texnologiyanıń rawajlanıwı menen ózgerip barmaqta.

Búgingi kúnde, teoriya jolı menen de, ilimpazlardıń informaciya xızmetiniń analizine kóre, “internetten soraw – internetten juwap” rejiminde yamasa olar iskerlik alıp barıp atırǵan pán tarawı boyınsha bibliografik maǵlıwmatlar formasında ámelge asırıladı [5:11].

Zamanagóy tálimde innovaciyalıq metodlardı nátiyjeli qollaw arqalı jetik maman kadrlar tayarlawǵa bolǵan mútajlik kúnnen-kúnge asıp barmaqta. Bibliografiyanı innovaciyalıq sabaq arqalı oqıtıwdan gózlengen tiykarǵı maqset tálim sapasın jetilistiriwge múmkinshilik jaratıwshı tájiriybelerdi ǵalabalastırıw esaplanadi. Professor-oqıtıwshılar tárepinen alıp barılǵan innovaciyalıq sabaqlarda tóplanǵan tájiriybe hám nátijeli metodlar keleside jas pedagoglar ushın kadrlar tayarlaw processinde ámeliyatqa engizilip barılsa, studentlerdiń ózlestiriw dárejesi ele de joqarılap baradı. Juwmaqlap aytqanda, sonı ayırıqsha atap ótiw orınlı bilimlendiriwdiń natiyjeliligin asırıwda, jaslardıń erkin bilim alıwın támiyinlew ushın bilimlendiriw mákemelerine jaqsı tayarlıq kórgen hám óz tarawındaǵı bilimlerdi bekkem iyelewden tısqarı, zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalar hám interaktiv, innovaciyalıq usıllardı da jaqsı meńgeriw lazım. Bunıń ushın barlıq pán oqıtıwshıların jańa innovaciyalıq-pedagogikalıq texnologiyalar hám interaktiv usıllar menen qurallandırıw hám olardıń iyelegen bilimlerin durıs qollawdı ilmiy tájriybeler arqalı asırıp barıwımız kerek.

## References:

1. Berdiyeva Z., Mamatraimova H., Zokirova O‘. Bibliografiya. – Toshkent.: O‘qituvchi, 2013. – 205 b.
2. Зусьман Олег Менделевич. Библиографические исследования науки: диссертация доктора педагогических наук. – Санкт-Петербург, 1998. – 456 ст.
3. Левин Г.Л. Библиографическое обеспечение библиотечно-информационной науки и практики. Труды ГПНТБ СО РАН. 2020;(1):41-49. https://doi.org/10.20913/2618-7515-2020-1-41-49
4. Зусьман О.М. Библиографические исследования науки. Санкт-Петербург Санкт-Петербургский государственный университет культуры и искусств, 2000 – 184 б.
5. Панкратова Анастасия Викторовна. Библиографические исследования деятельности референтных групп в науке: дис. кандидат педагогических наук: – Санкт-Петербург, 2004. – 458 ст.